*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 14 (25987)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2024 азы 27 январ — тъæнджы мæйы 27 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

**2** УФ – ЙЫ ФЕДЕРАЦИЙЫ СОВЕТЫ
*Царды ахсджиагдæр фарстатæ*

**3** ЮБИЛЕЙ
*“Мæ рухс бæллиц — Ирыстонимæ баст...”*

**4** СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Хъæбысхæст*

Хæрзиуджытæ

## Фæзминаг бæрæггæнæнтæ

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО архайдта Уæрæсейы Федерацийы Слестгæнæг комитеты слестгæнæг управленийы Цæгат Ирыстоны дæлхайады уæрæхгонд коллегийы. Амыдта йæ фæзуатон уагдоны разамонæг Валерий УСТОВ. Коллегийы куысты ма архайдтой РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз, республикæйы прокурор Александр МОРОЗОВ æмæ Цæгат Ирыстоны мидхъуыддæгты министр Демьян ЛАПТЕВ.**



Ивгъуыд азы куысты бæрæггæнæнтæ бахынцгæйæ, Валерий Устов æрдзырдта, æхсæнадон æдасдзинады, терроризм æмæ экстремизмы фæзындтытæ, республикæйы фæзуаты экономикон фыдракæндты ныхмæ ведомствæ цы мадзæлттæ арæзта Уæрæсейы ныхмæ санкциты уавæрты, уый тыххæй. Слестгæнджыты хæс ма, уымæй рахизгæйæ, у фыдракæндты ныхмæ профилактикон æмæ граждæнты куырдиæттимæ куыст, закъонады бындурæвæрд бæстондæр кæнын.

Сергей Меняйло комитеты слестгæнæг управленийы Цæгат Ирыстоны дæлхайады кусджытæн зæрдиаг арфæ ракодта сæ профессионалон бæрæгбоны фæдыл — уый бæрæггонд цæуы æрвылаз 15 январы 2011 азæй нырмæ. Республикæйы разамонæг бахахх кодта, алы райхæлд хъуыддаджы дæр адæймаджы хъысмæт кæй ис, уымæ гæсгæ йæм профессионалон æгъдауæй хъуамæ лæмбынæг каст цæуа.

— Фæнды мæ уæ куысты тыххæй уын арфæ ракæнын — хъусæггагæй йæ нæ зонын. Махæй алчи йæ бынаты, йæ бартæ куыд амонынц, афтæ, дзуапп дæттæм республикæйы сабырдзинад æмæ барадон фæтк хъахъхъæнынил, Цæгат Ирыстоны цæрджыты бартæ нæ фехалгæйæ. Нæхи 'рдыгæй мах дарддæр дæр æхххуыс кæндзыстæм, цы фарстатæ æвзæра, уыдон лыг кæнынæн, уымæн æмæ регионы цæрджыты æдасдзинад æмæ дзæбæхдзинадыл кусын нæ иумæйаг хæс у, — загъта Сергей Меняйло.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы Указмæ гæсгæ республикæйы фæзуаты Уæрæсейы Федерацийы закъонад фидардæр æмæ æххæст кæныны тыххæй майдан "Ирыстоны намысæн"-æй хорзæхгонд æрцыд Дзæуджыхъæуы Ирыстойнаг районты æхсæн слестгæнæг хайады разамонæг **Дзарасуты Олег.**

Кадджын ном "РЦИ-Аланийы сгуыхт юрист" лæвæрд æрцыд слестгæнæг управленийы разамонæджы хæдивæг **Василий Сироткин** æмæ Дзæуджыхъæуы Цæгат-Ныгуылæйнаг районты æхсæн хайады разамонæг **Мæргъиты Сосланæн.**

Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Кады гæххæттытæ радтой дыккаг хайады уæлдай вазыгджындæр хъуыддæгтæ бæрæггæнæг слестгæнæг **Багаты Аланæн,**

— Дзæуджыхъæуы Цæгат-Ныгуылæйнаг районты æхсæн хайады слестгæнæг **Багаты Георгийæн**,

— Дзæуджыхъæуы Ирыстойнаг районты æхсæн слестгæнæг хайады слестгæнæг **Гуырцъыты Аланæн**,

— контролон-слестгæнæг хайы фыццаг хайады разамонæг **Денис Юдинæн**.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы номæй сахæттæ лæвæрд æрцыд:

— слестгæнæг управленийы разамонæг **Валерий Устовæн,**

— контролон-слестгæнæг хайы фыццаг хайады уæлдай вазыгджындæр хъуыддæгтæ бæрæггæнæг слестгæнæг **Гогаты Тотрадзæн,**

— контролон-слестгæнæг хайы дыккаг хайады хистæр инспектор **Ханайты Еленæйæн,**

— уæлдай вазыгджындæр хъуыддæгтæ бæрæггæнæг фыццаг хайады разамонæг **Ахмед Хандоховæн.**

**ГАПБАТЫ Алетæ**

Æхсæнад

## Кæм – асламдæр, кæм – зынаргъдæр

**Цæгат Ирыстоны национ банчы пресс-службæ куыд фехъусын кодта, афтæмæй ивгъуыд аз нæ республикæйы инфляци (æхцайы уæзы бæрц) уыдис 7,1 проценты.**

Уый фæкъаддæр, фæлæ иуцасдæр фæзынаргъдæр сты халсартæ æмæ æхсыры хойрæгтæ.

Афтæ тагъд нал рæзы моторты артаджы аргъ дæр, Уæрæсейы Хицауад ахадгæ мадзæлттæ кæй сарæзта æмæ уынаффæтæ рахаста, уый фæрцы. Асламдæр фесты гæрзтæхсæн фæрæзтæ, ивгъуыд декабры хосты, медицинон дзаумæтты аргъ уыдис къаддæр ноябрæй.

Цæрæнуатон-коммуналон лæггæдты æргъты рæзт дæр фæсабырдæр, 2022 азы уыдон индексацигонд æрцыдысты æмæ сæ 2023 азы дæргъы нал баивтой. Автомобилты ивæн хæйтты æргътæ дæр ивгъуыд аз афтæмæй баззадысты.

Халсартæ та фæзынаргъдæр сты, кæм сæ садзынц, уыцы хъæрмуæтты (теплицæты) хъацæнтæ, электроэнерги æмæ зайæгойты низты ныхмæ хосты æргътæ кæй сырæзыдысты, уый аххосæй. Æхсыры хойрæгты куыстады дæр хомаг æмæ кусæнгæрзтæм зилын зынаргъдæр кодтой, уыимæ та фæбæрзонддæр продукцийы аргъ.

Уæрæсейы Банк куыд нымайы, афтæмæй 2024 азы инфляци уыдзæн, рæстæмбис нымадæй, 4 процентмæ 'ввахс.

**ХÆМЫЦАТЫ Морис**

Архайд

## Медицинон кусæндæтты арæзтад

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар Александр РЕУТОВ сбæрæг кодта, Рахизфарсы районы медицинон кусæндæтты арæзтад, рацарæзт æмæ бындурон цалцæг куыд цæуынц, уыдæттæ.**



Фыццагдæр федта, тагъд æххуысы дæлстанцæйы куыстытæ куыд цæуынц, уый. Раздæры ахæм куыстуаты бæстыхай тынг базæронд, сфæнд æй кодтой фехалын æмæ бавнæлдтой ног дæлстанцæ аразынмæ. Æппæт арæзтадон куыстытæ кæронмæ æрхæццæ сты, Хицауады Сæрдары хæдивæг куыд радзырдта, афтæмæй хъуамæ дæлстанцæ байгом кæной мартъийы.

"Бæстыхай дзуапп дæттæ æппæт нырыккон домæнтæн, у парахат, ис хъæугæ уæттæ, коммуникацитæй дæр у æххæст. Йæ кусджытæн дзы алы фадæттæ дæр ис. Рахизфарсы районы цæрджытæн сæ медицинон лæггæдтæ зынгæ фæхуыздæр уыдзысты", — фæбæрæг кодта Александр Реутов.



Уымæй уæлдай ма чиновник бацыд Рахизфарсы районы центрон поликлиникæмæ дæр, уым рацарæзты куыстытæ цæуынц. Фарон æм, уалдзæджы, программæ "Æнæниздзинад хъахъхъæнынады рæзт"-мæ гæсгæ бавнæлдтой. Сцæттæ уыдзæн ацы азы кæронмæ. Ноггонд бæстыхайы фæзындзысты дæндæгтæ дзæбæх кæнæн поликлиникæ, сывæллæтты æмæ сылгоймæгты консультацитæ, терапевтон, амбулаторон хирургийы, низ хатыны тынон хайæдтæ.

Ифтонггонд уыдзæн нырыккон аппаратæй, ифтонггæрзтæй, балхæдтой уал компьютерон томограф, флюорограф, маммограф, æндæр аппаратæ. Александр Реутов араздзыты æргом аздæхта, æппæт куыстытæ афойнадыл æмæ хæрзхъæдæй скæныны хъуыддæгтæм.

**БУТАТЫ Эльзæ**

Культурæйы рæзт

## Ахсджиаг фембæлд — Мæскуыйы

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис Мæскуыйы фембæлд федералон чиновниктимæ. Уæрæсейы Президент Владимир ПУТИН æмæ РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО сæ кусæг æмбырдты иумæ цы фарстатæм æркастысты, уыдон царды рауадзыныл архайынц.**

Дзанайы-фырт фембæлд Уæрæсейы культурæйы министры фыццаг хæдивæг **Сергей Обрывалинимæ**, æмбырды рæгъмæ рахастæуыд культурæйы къабазы рæзты, егъау культурон нысантæ скæныны фарстатæ. Цæгат Ирыстонæй ныхасы архайдтой Хицауады Сæрдары хæдивæг **Платы Альбинæ**, культурæйы министр **Фидараты Сослан**. Федералон æхххæстгæнæг хицауадæй: культурæйы министры уынаффæгæнæг **Максим Кононов**, министрады дæлхайæдты разамонджытæ, Уæлахизы музейы сæргълæууæг **Александр Школьник**, паддзахадон бюджетон кусæндон "Росконцерт"-ы, компани "Гранта продакшн"-ы минæвæрттæ .



Боны фæткмæ рахастой "Беслæн. 1-æм скъола"-йы культурон-патриотон центры экспозицитыл бакусыны фарста. Нырмæ уал бæстыхай рацарæзтой, дарддæр бавналдзысты концепцимæ, фæстæдæр — концептуалон проект царды уадзынмæ, дизайн-проект æмæ экспозици аразынмæ. Центры аивадон-архитектурон концепцийыл кусы "Гранта продакшн", сæ фарсмæ сты Уæлахизы музейы специалисттæ дæр.

Уæрæсейы Культурæйы министрады æрныхас кодтой, республикæмæ цы цалдæр юбилейы æнхъæлмæ кæсы, уыдоныл дæр: Ирыстон Уæрæсеимæ æрбаиуы 250 азы, Дзæуджыхъæуы 240 азы, республикæйы автономийы 100 азы. Мæскуыйы скæндзысты Цæгат Ирыстоны культурæйы бонтæ.

Цæмæй нысантæ ахадгæ хуызы скæной, уый тыххæй спайда кæнын хъæудзæн егъаудæр фæзтæй — Евгений Вахтанговы номыл паддзахадон академион мæскуыйаг театр, Стыр театр, Фæсивæдон паддзахадон академион театр, Мæскуыйаг паддзахадон академион филармони, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты центрон музей, зал "Зарядье", Уæрæсейаг аивæдты академи. Тематикон хъуыддæгтæ конд æрцæудзысты Федерацийы Советы æмæ Паддзахадон Думæйы дæр.

Ацы аз, сентябры, Дзæуджыхъæуы уыдзæн нæ сæйраг горæтæн бындур сæвæрыны 240 азы бæрæгбон. Дзанайты Барис куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй культурон бынтæ бахъахъхъæнын æмæ культурæйы къабазы рæзтмæ республикæйы разамынд стыр æргом здахынц.

"Нырмæ дæр Аланийыл саргъуыды 1100 азы фæлгæты бирæ цыртдзæвæнтæ сцалцæг кодтам. Цæгат Ирыстоны автономийы 100 азмæ дæр бавнæлдтам бирæ хъуыддæгтæ аразынмæ, ацы аз æй сбæрæг кæндзыстæм федералон æмвæзады. Уæдæ Ирыстон Уæрæсеимæ æрбаиуы хъуыддæгтæ дæр скæндзыстæм республикæйы æмæ Мæскуыйы. Алы цау дæр нын тынг ахсджиаг у, нæ хæс у æмбæлгæ æмвæзадыл сыл сæмбæлын. Уыцы ран нæ цуры сты федералон разамынд", — загъта РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар.

Кусæг фембæлды рауад бæстон ныхас, алчидæр радзырдта, йæхирдыгæй цы хъуыддæгтæ æмæ нысантыл кусы, уыдæтты тыххæй. Фæбæрæг кодтой "Росконцерт" æмæ культурæйы кусæндæтты архайд уыцы стыр нысанты. Дарддæр æрныхас кодтой республикæйы культурæйы рæзты фарстатыл.

Ацы аз хъуамæ Цæгат Ирыстоны паддзахадон театр, Национ музей, Театралон аивады музей, аивæдты æмæ музыкалон скъолатæ хъæугæ ифтонггæрзтæй баххæст кæной. Уымæй уæлдай, хъуамæ республикæйы фæзына моделон библиотекæ, хъæууон культурæйы хæдзæрттæн лæвæрд цæудзæн паддзахадон æххуыс, иннæ культурон кусæндæттæм дæр паддзахадон æххуыс хæццæ кæндзæн. Уыдæттæн дихгонд æрцæудзæн 140 милуан сомы.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Хъусынгæнинаг

## РЦИ-Аланийы Парламенты æмбырды тыххæй

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты дыууын фыццæгæм æмбырд уыдзæн 2024 азы 31 январы 10 сахатыл Хицауады хæдзары æмбырдтæаразæн залы (Сæрибары фæз, 1-æм хæдзар).**



**Депутаттæ æмæ хуынд адæмы регистраци кæндзысты 2024 азы 31 январы 9 сахатæй фæстæмæ Хицауады хæдзары бацæуæны.**

**Телефонтæ: 53-13-06; 53-33-16.**

Мæздæджы районæй

## Капиталон цалцæджы фæстæ

**Нæ республикæйы хорзæрдæм бирæ ивддзинæдтæ цæуы арæзтадон къабазы. Ног культурон артдзæстытæ, спортивон комплекстæ, медицинон уагдæттæ гом кæнынц хъæутæ æмæ горæтты. Азтæ кæуыл рацыд æмæ уый аххосæй цалцæггæнинаг чи у, уыдон та бындуронæй рацаразынц.**



Ацы хъуыддаджы Мæздæджы район дæр фæсте нæ зайы. Федералон проекттæ æмæ национ программæты архайынц, æмæ уый адæмы цардыл дæр, кæй зæгъын æй хъæуы, рæстмæ зыны.

Афтæ, Виноградныйы хъæуы капиталон цалцæджы фæстæ рæхджы байгом уыдзæн амбулатори — уый тыххæй йæ телеграмканалы фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Медицинон уагдон сцалцæг кодтой, Цæгат Ирыстон федералон программæ "Уæрæсейы Федерацийы æнæниздзинадхъахъхъæнынады фыццаг рады цæджы модернизаци"-йы сæрæнæй кæй архайы, уый руаджы.

Амбулатори бон иу рады исдзæн 100 адæймаджы, куыд ас адæмы, афтæ сывæллæтты дæр. Ам ногтæй баивтой хæдзары дзаума æмæ ифтонггæрзтæ, аппаратурæ — Винограднæйы цæрджытæн дзы сæ бон райсын уыдзæн терапевтон, педиатрон æмæ стоматологон æххуыс.

**БУТАТЫ Азæмæт**

## Дзырды фарн

*Кæд нымæцæй бирæ не сты ирон адæм,*
*уæддæр сарæзтой, æнусты дæргъы*
*дзыхæй-дзыхмæ кæй истой, ахæм стыр*
*æмæ хъæздыг литературæ .*

*НИГЕР*

Боныхъæд

**Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **27 январы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **2-6 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **2-6 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 09,41

**Хурыскаст** — 07,23
**Хурныгуылд** — 17,04

Валютæйы аргъ

**Доллар** — 89,65
**Евро** — 97,48

12+

**УФ-йы Федерацийы Советы**

Сенатор Виталий НАЗАРЕНКО:

# ”Боны фæткы — бæстæйы æрвылбоны царды ахсджиагдæр фарстатæ”

**24 январы уыд Уæрæсейы Федералон Æмбырды Федерацийы Советы 559-æм æмбырд. Уымæй байгом 2024 азы уалдзыгон парламентон сесси. Федерацийы Советы спикер Валентинæ МАТВИЕНКОЙЫ разамындæй сенатортæ æрдзырдтой азы фыццаг æмбисы архайды сæйрагдæр фæндæгтыл, паддзахадон закъонæвæрынадон бындуртæ хъомысджындæр кæныныл.**



Валентинæ Матвиенко йæ раныхасы бæстон æрлæууыд, закъонæвæрджыты размæ ног политикон æмгъуыды цы вазыгджындæр хæстæ лæууы, бæстæйы цæрджытæн тыхстагдæр æмæ фыццаградон æгъдауæй лыггæнинаг фарстатыл.

Федерацийы Советы Сæрдары ныхасмæ гæсгæ, ацы азы сæйрагдæр политикон цау суыдзæн Уæрæсейы Президенты æвзарæн кампани. "Ахæм æвзæрстыты рæстæг алкæддæр æргом æмæ уæрæх ныхас рауайы бæстæйы дарддæры райрæзтыл, æхсæнады цард фæрныгдæр кæныны хъæппæристыл. Уыцы уавæрты уæлдай ахсджиагдæр у, цæмæй бæстæйы цæрджытæ равдисой сæ граждайнаг бæрнондзинад, æрбацæуой æвзарæн участоктæм æмæ схъæлæс кæной æппæты аккагдæр кандидатыл", — бафиппайдта Валентинæ Матвиенко.

Уæрæсейаг парламенты уæллаг палатæйы разамонæджы ныхасмæ гæсгæ, æппæт фадæттæ дæр арæзт æрцæудзæн, цæмæй фæсарæйнаг парламентаритæ æмæ эксперттæ мартъийы саккаг кæной нæ бæстæмæ æмæ сæ цæст дарой президентон æвзæрстыты фæткмæ. Уыцы нысанимæ Федерацийы Совет хуынды гæххæттытæ арвыста бирæ бæстæтæм.

Дарддæр Валентинæ Матвиенко йе 'ргом аздæхта, Бинонты азы фæлгæты цы хæрзаудæн æмæ дзыллон мадзæлттæ арæзт цæудзæн, уыдоны пълантæм, стæй сывæллонджын бинонтæн уæлæмхасæн паддзахадон æххуысы мадзæлттæм. "Зындгонд куыд у, афтæмæй 2024 аз Президенты Указæй нымад æрцыд Бинонты азыл. Уыцы уынаффæйы бындурыл федералон Хицауад ныридæгæн сарæзта 2030 азы онг демографион æмæ бинонты политикæйы къабазы стратегион уынаффæтæ хæссыны сæрмагонд пълан. Уыцы документы бындурыл бирæ ногдзинæдтæ фæзындзæн, куыд закъонæвæрынады, афтæ сывæллонджын бинонтæн паддзахадон æххуыс кæныны фæткы дæр. Уыцы ногдзинæдты сæйрагдæр нысан у, цæмæй бирæсывæллонджын бинонтæ сæхиуыл банкъарой паддзахады æппæтвæрсыг аудынад, цæмæй сæ царды уавæртæ зæрдæзæгъгæдæр фæуой", — фæнысан кодта Федерацийы Советы Сæрдар.



Виталий НАЗАРЕНКО

Сенатортæ ацы æмæ иннæ фарстатыл бæстон æрдзырдтой. Боны фæткы уыдысты сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонтæн уæлæмхасæн паддзахадон æххуысы, ног уæрæсейаг регионты социалон-экономикон уавæры дарддæры нывылады, бæстæйы закъонæвæрæг оргæнты æмархайды, фæсарæйнаг бæстæты парламентаритимæ æмгуыстады, стæй æндæр ахæм вазыгджын фарстатæ.

Æмбырды фæстæ Федерацийы Советы уæнг Цæгат Ирыстонæй Виталий Назаренко цыбыр хатдзæгтæ скодта ивгъуыд азы куыстæн, стæй фæбæрæг кодта хæстæгдæр фидæны архайды нысантæ. "Уæрæсейаг парламенты уæллаг палатæйы уалдзыгон сессийы куысты фæткы бæстон хыгъд æрцыдысты паддзахады дарддæры социалон-экономикон райрæзты æппæт ахсджиагдæр фарстатæ, бæстæйы цæрджыты тыхстагдæр хъуыддæгтæ. Ныр уыдоныл бæрнонæй куыст цæуы, куыд федерацийы, афтæ регионты æмвæзадыл дæр", — загъта **Виталий Назаренко.**

**ÆЛБОРТЫ Зæлинæ, УФ-йы сенаторы æххуысгæнæг**

**Акци**

## "Зæрдылдарыны трамвай"

**Дзæуджыхъæуы сараздзысты æппæтуæрæсеон акци ”Зæрдылдарыны трамвай”. Ленинграды æрхъула куы батыдтой, уæдæй абонмæ рацыд 80 азы. Уый кадæн Дзæуджыхъæуы трамвайы сараздзысты æппæтуæрæсеон патриотон-рухстауæн акци ”Зæрдылдарыны трамвай”.**

Акци райдайдзæн Сабырдзинады проспекты Хетæгкаты Къостайы номыл культурæ æмæ фæлладуадзæн паркмæ бацæуæны æрлæууæн бынаты. Архайдзысты дзы скъоладзаутæ. Ленинграды æрхъулайы рæстæг горæты чи цард, уыдоны, стæй сын ветеранты æмæ горæты символты тыххæй радзурдзæн ЦИПУ-йы историон факультеты декан **Плиты Зæлинæ**. Акцийы ма архайдзысты Бетъырбух, Краснодары край, Омск, Ульяновск æмæ Свердловскы облæсттæ.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг трамвай сси Ленинграды символ, 2,5 милуан адæймагæн та — транспорты иунæг хуыз. Трамвайты ластой æфсæддон дæлхайæдтæ, техникæ, кусæнгæрзтæ, чи фæцæф, уыдоны.

**“15-æм РЕГИОН”**

**Партион архайд**

## Студенттæн – хæрзиуджытæ

**Уæрæсейаг студентты боны агъоммæ политикон парти ”Иугонд Уæрæсе”-йы цæгатирыстойнаг регионалон хайад республикæйы фесгуыхæг студенттæн Арфæйы фыстæджытæ радта.**




Цæгатирыстойнаг Æхсæнадон æххуысы штаб хæрзиуджытæ кадджын уагæй дæттыны хъуыддагæн фадæттæ сарæзта. "Иугонд Уæрæсе"-йы регионалон хайады нымæрдары фыццаг хæдивæг, амынд штабы разамонæг **Едзойты Марат** æрыгон активисттæн хæрзиуджытæ радта.

Республикæйы уæлдæр æмæ астæуккаг сæрмагонд скъолаты дæс ахуырдзауæй фылдæрæн æхсæнадон-политикон куысты зæрдиагæй архайыны тыххæй, стæй Студентты боны кадæн хæрзиуджытæ радтой.

— Цардархайды алыхуызон къабæзты зæрдиагæй кæй кусут, стæй райгуырæн регионы æмæ æппæт бæстæйы цардыл æнувыд кæй стут, уый тыххæй уын — бузныг. Мæ зæрдæ уын зæгъы ахуырады æмæ æхсæнадон архайды дарддæры æнтыстдзинæдтæ. Адæмон программæ æххæст кæнгæйæ, "Иугонд Уæрæсе" рæзгæ фæлтæры патриотон хъомыладмæ стыр æргом здахы, стæй райгуырæн регионы фæрныгадыл аудæг æрыгон адæймæгтæн зæрдæлхæнæнтæ скæныныл архайы, — загъта Едзойы фырт.

**РУБАЙТЫ Нелли**

**Ахуырад**

## Космонавтикæйы скъолайы хайад — Алагиры

**Алагиры скъола-интернаты байгом зындгонд конструктор КЪОМАЙТЫ Русланы номыл Космонавтикæйы скъолайы хайад.**



Ахуыр дзы кæндзысты фæндзай лæппу æмæ чызгæй фылдæр. Космонавтикæйы скъолайы ахуыргæнджытæ фыццаг урочы фæсивæдæн бæлвырд радзырдтой цымыдисаг хабæрттæ, космосмæ фæндæгтæ айгæрдæг космонавтты æмæ алы рæстæджыты æмæ арвы тыгъдад зонадон æгъдауæй иртасыны рæзтмæ зынгæ æвæрæн чи бахаста, уыцы зындгонд ахуыргæндты тыххæй.

Космонавтикæйы скъолайæн Алагиры скъола-интернаты цы хайад ис, уым фæсивæдæн ахуыртæ араздзысты дыууæ къордæй. Сæ иумæйаг бæрц — аст сахаты.

**Нæ уацхæссæг**

**Фыссынц “Рæстдзинад”-мæ**

# Æнæ згъæрхызæй хъуыддаг размæ нæ цæуы...

Киноныв "Адъютант его превосходительства"-йы ис цымыдисаг цау. Урсгвардионты контрразведкæ бæрæг кодта цыдæр вазыгджын хъуыддаг æмæ æрфарстмæ иугай-дыгай хуыдтой, хъæугæ информаци райсынмæ кæмæй хъавыдысты, уыдоны. Се 'хсæн разынд æфсæнвæндаджы æфтауцы æхсæвгæс дæр. Рагæй кусыс æфтауцы, зæгъгæ, йæ куы бафарстой, уæд дзуапп радта: "Рагæй. Ам мæ, æфтауцы, дæ бæрзонддзинад, æхсæвгæсæй сæвæрдтой авд азы размæ. Куыстон паддзахы рæстæджы, сырхыты рæстæджы дæр, сымах заманы дæр. Хицæуттæ ивынц, фæлæ æнæ мах, хъалагъуртæй, иу хицауадæн дæр цæрæн нæй. Адæм давджытæ сты, уый алчидæр зоны".

Чи зоны, искæмæ хъыг фæкæса уыцы загъд, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, кинонывы хъайтар раст у. Чи цыфæнды дзурæд, фæлæ ахастдзинæдтæ æууæнчы бындурыл аразын тынг ræучи хъуыддаг у. Раджы заман дæр-иу, куыд зонæм, афтæмæй гарем евнухы бар йе стыр æууæнк æмæ хæрзæгъдаудзинады тыххæй нæ бакодтой, фæлæ, куыд нæлгоймаг, афтæ йæ æдыхдзинады фæстиуæгæн.

Æфсады службæ кæнгæйæ, нæ гарнизоны уыдис ахæм фæткæвæрд: дзул лыггæнæгæй-иу сæвæрдтой узбекаджы. Фыццаг-иу нæма зыдта гæды митæ кæнын, фæлæ-иу сындæггай сахуыр, цы ран æй сæвæрдтой, уымæй пайда кæнын. Мæй-иу куы рацыд, уæд-иу йæ бынат бацахста иннæ узбекаг. Уыцы карз ротацийы руаджы дзы хæрам митæн бынат нæ уыд. Æмæ, уæхи зæрдæ — уе 'вдисæн, фæтк æмæ цæстдард кæм ис, æгъдау æмæ сæрфат дæр уым ис.

Мæ ныхæсты рæстдзинады тыххæй æрхæсдзынæн иу дæнцæг — Беслæны "Сбер"-ы, æфснайæн банчы хайады куыст. Раздæр-иу ацы хайадмæ балц фидар психикæйы хицау адæймагæн дæр уыдис уæззау фæлварæны хуызæн. Дæргъæй-дæргъмæ рад-иу гыццылдæр нæ кодта, адæм-иу лæууынæй бафæлладысты. Чи нал-иу быхсыд, уыдон-иу æлгъитыныл дæр нæ ауæрстой, æнæфсарм ныхæстæй пайдагæнгæйæ. Сихормæ дæм рад не 'рхауд, уæд-иу дæ рад фесæфт, уымæн æмæ-иу фæссихор æндæр адæм æрбацыдсты æмæ-иу ног рад сарæзтой: "Мах дæ нæ федтам, уымæ гæсгæ фыццæгтæ мах стæм". Дæ рæстдзинад равдисынæн ницы фæрæз уыдис, ног æрбацæуджытæ-иу дыл сфарс сты, хъæддых-иу фæлæууыдысты, туркаг янычартæ дæр-иу сæ сæ бынатæй нæ фенкъуысын кодтаиккой.




Нæ амондæн, уыцы рæстæджытæ фæсте аззадысты. Ныртæккæ Беслæны "Сбер"-ы хайад дзæнæтон бынат у. Стыр рад дзы нал фендзынæ. Нæдæр дзы хъаугъатæ цæуы рады лæууыны тыххæй, уымæн æмæ дын терминал номыр ратдзæн, æмæ æнцад-æнцойæ хæрзвадат раны бадыс, цалынмæ дæм дæ чысыл рудзынгмæ фæсидой, уæдмæ. Алы хатт дæр, ардæм æрбацæугæйæ, дисы бацæуын уыцы хорзырдæм ивддзинæдтыл. Дзæуджыхъæуы ацы банчы хайæдты дæр ахæм фæткæвæрд ис. Уæлдай хуыздæр хъуыддаг æвæрд у Кировы уынджы хайады, уæвгæ, иннæ рæтты дæр куыст бæрзонд æмвæзад æмæ культурон уагыл аразынц.

Гермæн Оскары фырт Грефы "гаремы" хорз уагæвæрд ныффидар. Рады зындзинæдтæ клиенты хиæмбарынад æмæ культурæ фæбæрзонддæры фæстиуæгæн иуварсгонд не 'рцыдысты, фæлæ, уагæвæрдыл куыст кæй æрцыд, æмæ рады, цæсгомы руаджы балæсæн кæй нал ис, уый тыххæй. Кæд "æфсымæрæрвадхионсыхаг — Цезæры æмбал" дæ, уæддæр, иннæты хуызæн, хъуамæ райсай талон, æмæ тагъд рæстæджы дæ хъуыддаг æнæкъуылымпыйæ сараздзынæ. Ома, йæ рæстæджы Дмитрий Медведев Саакашвилийы æфсæддæн цы куыст бакодта, Гермæн Греф дæр уыцы фæндагыл ацыд. Дмитрий Анатолийы фырт сабырдзинадмæ тыхбахаст (принуждение к миру) сарæзта, Гермæн Греф та — цæсгоммæ тыхбахаст (принуждение к совести).

Ацы рæстмæ архайды ахадындзинадæн æвдисæн сты куысты бæрæггæнæнтæ. Адæм хуымæтæджы нæ фæзæгъынц: "Æнæфæндагæй къуыппытæ 'мæ дзыхъхъытимæ фæндаг — хуыздæр". Хицауы 'рдыгæй уавæрмæ карз цæстдард хуыздæр у, хъуыддаг хæддзуйæ ауадзынæй. Æхсæнады бирæ цæлхдуртæ æвзæры, иуæй-иу разамонджытæ "урс æрмкъухты" кæй архайынц, уый аххосæй.

Советон Цæдисы дæр уыдис ахæм къуылымпыдзинæдтæ. Зæгъæм, кинотеатр "Фæскомцæдисон"-ы, стæй-иу иннæты дæр билеттæ уæйгæнæн кассæйы раз згъæрхыз сæвæрдтой, æмæ-иу бар-æнæбары цæуын бахъуыд згъæрхыз æмæ къулы 'хсæн "къæлидорыл". Уый дæр уыд "рады лæууынмæ тыхбахаст".

Уæлдæр цы æхсæвгæсы — кинонывы хъайтары кой скодтон, уый ныхæстæ кæд уæззау сты, уæддæр цард сæ рæстдзинад æвдисæг у: "Адæм давджытæ сты, уый алчидæр зоны". Уый æхсæнадæн стыр уайдзæф у. Никколо Макиавелли та афтæ загъта: "Цалынмæ сæ хорздзинадмæ тыхбахасты сæр нæ бахъæуа, уæдмæ адæм æвзæр сты". Æнæ згъæрхызæй хъуыддаг размæ нæ цæуы...

**Юрий ПЕТРОСОВ, æхсæнадон уацхæссæг**

**Цæстдард**

## Тæссаг æппарæццæгтæ бафснайынæн

**Алфамбылай æрдз хъахъхъæнынады къабазы закъонæвæрынады домæнтæ куыд æххæст кæнынц, Горæтгæрон районы прокуратурæ уый сбæлвырд кодта.**

Куыд рабæрæг, афтæмæй Уæллаг Санибайы администраци нæбæзгæ джынасуджын цырæгътæ (тæссагдзинады 1-аг æмæ 2-аг къорды æппарæццæгтæ) æмбырд кæнынæн бынат нæ сарæзта æмæ ацы бынæтты тыххæй хабар адæмæн нæ фехъусын кодта.




Амынд хъæуы администрацийы хицауæн бафæдзæхстой аиппытæ аиуварс кæнын, фæлæ аиппытæ аиуварс кæнынæн мадзæлттæ арæзт кæй не 'рцыдысты, цæстдарæн архайды рæстæг уый кæй раргом, уый нымайгæйæ, районы прокуратурæ тæрхондонмæ кæй барвыста, уыцы хъасты куырдиаты фыст уыд мæнæ афтæ: "Хъæуы администраци кæй ницы архайы, уый нымад æрцæуæд æнæзакъон æууæлыл. Администрацийæн бахæс кæнын æмбæлы нæбæзгæ джынасуджын цырæгътæ æмбырд кæнынæн бынæттæ саразын, ацы бынæттæ кæцы ран сты, уый тыххæй хабæрттæ адæмæн хъусын кæнын, стæй тæссагдзинады 1-аг æмæ 2-аг къордты æппарæццæгтæ æфснайыны фæдыл лæггæдтæ æххæст кæнынæн бадзырд сфидар кæнын".

Прокуроры хъасты домæнтæ нымад æрцыдысты растыл.

Тæрхондоны уынаффæтæ куыд æххæст кæнынц, районы прокуратурæ уымæ цæст дары.

**ХЪАРАТЫ Каринæ**

**Ничи ферох, ницы ферох**

## Æдзард хæстоны ном сбæрæг

**Рахизфарсы районы сæдæгай цæрджытæ хъæбатырæй хæцыдысты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты немыцаг фашистон тыхгæнджытимæ. Хъыгагæн, уыдонæй бирæтæ нал сæмбæлдысты сæ хæдзæрттыл 1945 азы Уæлахизы майы мæйы. Сæ удтæ нывондæн æрхастой тохы быдыры, нæ бæстæйы кад, сæрибардзинад æмæ хæдбарад хъахъхъæнгæйæ.**

Дæсгай азтæ рацыд, фæлæ, карз тохтæ кæм цыдысты гитлеронтимæ, уым баззадысты мингай æрыгон советон салдæттæ æмæ афицертæ. Хæстонты цыртдзæвæнтæ æмæ æфсымæрон ингæнтæ фенгæйæ, уыдон нæ зæрдыл æрлæууынц. Сæ иуы, Краснодары крайы ныгæд æрцыд сырхæфсæддон Дзарасаты Ибрагимы фырт Сослæнбег.

Æртæ азы размæ хъæбатыр хæстон Сослæнбеджы хæстæджытæ æнæнхъæлæджы базыдтой, кæм фæмард, уый. Рагæй йæ агуырдтой. Хиуæттæ сæ зæрдæ дардтой, тагъд йæ фæдыл кæй сæмбæлдзысты, ууыл. Уæрæсейы Хъахъхъæнынады министрады центрон архивы фыстæджытæ æмæ æндæр структурæты йæ не ссардтой. Дзуапп-иу сын радтой, Фыдыбæстæйы хъахъхъæнынады архивтæ æххæст нæма сты, куыст ма сыл цæуы, зæгъгæ.



"Не 'фсымæр хæрзæрыгонæй æфсадмæ ацыд. Нæ ныййарджытæм фыста хъарм фыстæджытæ. Хъусын сын кодта, йе 'мбæлттимæ нæ зæхх знагæй куыд уæгъд кæны, уый. Фæстаг фыстæг ма дзы райстой Симферополæй 1943 азы. Стæй дзы ницыуал хабар хъуысыд. Ныййарджытæ мæт кодтой, фæлæ сæ нæ уырныдта, фыдбылыз æрцыд, уый. Нæ фыды зæрдæ нæ бафæрæзта æмæ амард. Нæ мад йæ царды фæстаг бонтæм Сослæнбегыл йæхи кæуынæй мардта", — дзуры Беслæны цæрæг Дзарасаты Эльбрус, æдзард хæстоны кæстæр æфсымæр.

Апрелы бонтæй иуы, Уæлахизы боны агъоммæ, Новороссийскæй райхъуыст телефоны дзæнгæрæг ахæм фарстимæ: "Дзарасаты Сослæнбеджы нæ зонут?" Рагæй дзы чи цæры, ахæм хион сæм дзырдта.

"Йæ ныхæстæм мæ бон сдзурын дæр нал уыд. Тыххæйты ма загътон, мæ хистæр æфсымæр кæй уыд, уый. Хабаргæнæг фехъусын кодта, Новороссийскы районтæй иуы, Мысхакойы, ныгæд кæй 'рцыд, уый. Зæрдæ нын бавæрдта, йæ ингæнмæ йын куы 'рцæуæм, уæд нын кæй феххуыс кæндзысты, уымæй. Зæгъын хъæуы, йæ ныхæстæ нын тынг æхсызгон уыдысты, æмæ рæхджы мæ фыртимæ араст стæм Краснодары краймæ. Ардыгæй аластам зæхх, чъиритæ, бæгæны, дзидза — иу дзырдæй, ирон фынг цы домы, уыдæттæ. Æфсымæрон-хъæбатырты ингæн бабæрæг кодтам. Нæ размæ рацыдысты ирон диаспорæ æмæ æхсæнады минæвæрттæ, стæй хиуæттæ дæр. Районы хицауад нæ ахуыдтой парадмæ, фенын нын кодтой зæрдылдарæн бынæттæ. Цæмæй баззайæм ветерантæн кадгæнæг мадзалы, уый сæ фæндыд.

Арфæ ракодтон хъæу, район æмæ крайы хицауадæн, фæмардуæвæг хæстонты рох кæй нæ кæнынц, ме 'фсымæр æмæ æндæр Фыдыбæстæ хъахъхъæнджыты ингæн æмбæлгæ хуызы кæй дарынц, уый тыххæй", — кæронмæ ахæццæ кодта йæ ныхас Сослæнбеджы кæстæр æфсымæр Эльбрус.

Уæлахизы бонæй 74 азы фæстæ ма æбæрæгæй сæфт æфсæддонтæй иуы ном сбæлвырд. Дзарасаты Сослæнбег фæмард фашисттимæ тохы 1943 азы 1 июлы. Советон æфсæдтæ уæгъд кодтой Краснодары край.

**ГÆБÆРАТЫ Мурат, журналист**

Юбилей

# "Мæ рухс бæллиц — Ирыстонимæ баст..."

**Мадæлон æвзаджы хæзнатæн табугæнæг курдиатджын поэтессæ у ГÆБУАТЫ Галинæ. Йе 'мдзæвгæтæ мыхуыры рацыдысты журналтæ "Дарьял", "Ирæф" æмæ "Мах дуг"-ы, газет "Рæстдзинад"-ы, фæлæ йын чиныг та нырыдæгæн фыццаг хатт рацыд. Цæмæн афтæ у, зæгъгæ, куы бафæрсæм, уæд дзуапп уайтагъд дæр ссардзыстæм: тырны сыл бæстон бакусынмæ, адæмы размæ сæ аив, фæлгонцджын, зæрдæмæхъаргæ фæзилæнтимæ рахæссынмæ. Æмæ йын æнтысы — йæ райгуырæн Ирыстоны, æрдзы, уарзондзинады тыххæй, сывæллæттæн фыст хуыздæр æмдзæвгæтæ, номарæнтæ уыцы барæнтæн дзуапп дæттынц.**

Абоны фæзминаг бинойнаг, цыппар сывæллоны мад, бæркадкъух æфсин йæ сисфæлварæн скъоладзауæй райдыдта, студентæй та йæ фæлтæрæнтæ сæхимæ йæ ахуыргæнджыты æмæ фысджыты æргом аздæхтой. Уæд фæзындысты йе 'нкъарæнджын рæнхъытæ фыццаг хатт литературон-аивадон журнал "Дарьял"-ы сæрмагонд фæсивæдон рауагъды. Æмæ рабæрæг, йæхи цæстæнгас æм кæй ис дунемæ, йæхирдыгонау кæй æмбары, адæймаг адæймаг цæмæй у æмæ нæу, æппæт уыцы миниуджытæ. Гæбуонмæ нæй зынæмбарæн фæлгонцтæ æмæ здыхст хъуыдытæ, йæхæдæг куыд хуымæтæг, цæстуарзон у, ахæмтæ сты йæ рæнхъытæ æмæ хъайтартæ дæр. Уымæн цæуынц адæмы зæрдæмæ, уымæн сыл аразынц, радиойæ, телеуынынадæй, арæх чи хъуысы, ахæм зарджытæ.

Поэтессæйы тырнæнтæ æмæ бæллицтæ æххæстæй дæр баст сты йæ Ирыстонимæ. Æрмæст уыимæ бæтты йæ фидæн, æмæ йын не 'вгъау кæны йæ фæндиæгтæ:

***Уадз, азæла Ирыстоныл мæ зарæг,***
***Уадз, зæрдæтæм уый циндзинад хæсса.***
***Мæ зарæг фестæд дидинæгджын уалдзæг,***
***Уадз, Иры зæххыл фарнимæ цæуа!***

*"Азæлæд Ирыстоныл мæ зарæг"*

Ома, йæ бон куыд æмæ цæмæй у, уымæй йæ фæнды йæ чысыл райгуырæн бæстæйæн хорздзинæдты бацæуын, цины æнкъарæнтæ дзы байтауын. "Дидинæгджын уалдзæг" ын у цардæн фæрæзы, иудзинады, ирон лæджы ном æмæ сылгоймаджы фарн кад æмæ радимæ хæссыны, цъæх-цъæхид арвы бын сывæллæтты хъæлдзæг худт хъусыны нысан. Уый у бирæвæрсыг æмбарынад, фæлæ йыл авторы "æфтыд" фæлгонцтæ фидауынц.

Уыимæ, Ирыстон, зæгъгæ, зæгъ, уæд та йæ цæстытыл уайтагъд ауайынц йæ адæмы удварны хæзнатæ — Нарты кадджитæ æмæ Симд. Уыйадыл æхсызгонæй, æмæ уыцы-иу рæстæг цавæрдæр сагъæссаг хъуыдыты ахæсты уæвгæйæ, зæгъы:

***Нæртон фæндыр, зæрдæйы тæгтæй***
***Дæу сарæзта Сырдон кæддæр.***
***Гъе, уымæн агайыс мæ зæрдæ,***
***Кæд не 'мбарыс мæ рыст, уæддæр.***

*"Нæртон фæндыр"*

***Симынц нæртон симдæй алантæ, скифтæ,***
***Хъуысы уæлæрвтæм сæ фæндыры цагъд!***
***Симд у æнусон цырагъау нæ цардæн,***
***Уый у нæ намыс, нæ фыдæлты кад!***

*"Симд"*

О, фæлæ цæуылнæ æмбары ирон уды тыхсæнтæ суанг нæртон фæндыр дæр? Уымæн, æмæ уарзæгой зæрдæйы баиу сты, нарты алæмæты дуне чи снывæзта, уыцы адæмы фидæнил, сæ мадæлон æвзаджы хъысмæтыл сагъæстæ (æнæ уыцы адæм æмæ æвзаг та "æнусон цырагъ симд" æмæ культурæйы иннæ хæзнатæ рохуаты фæлмы анығъуылдзысты). Сылгоймагæн куыд æмбæлы, афтæ йæ сагъæстæ æвдисы уæзданæй, фæлæ æргомæй. Æмæ уый раст у — цъиувæдис пайда ницы хъуыддаджы у. Æвзаджы фидæныл тыхсыс, уæд ыл дзур, фысс, дæ кæстæртæм æй дæтт, Гæбуаты Галинæ куыд кæны, афтæ...

Ахæм уæздан, фæлæ æргомзæрдæ у поэт йæ интимон лирикæйы дæр:

***Уарзондзинад зæххон адæмæн зæдты лæвар у.***
***Уый нæ цардæн йе 'гъдау, йæ фарн у!..***
***Рухс зæрдæты, хæрдгæ тын уафгæ, æнустæм цæры,***
***Ацы зæххыл, амæндтæ уаргæ, кадимæ цæуы.***

*"Уарзондзинад"*

***Тæхудиаг, кæй равзæрста дæ зæрдæ,***
***Кæмæн кæныс дæ сусæг дзырд æргом...***
***Кæй рæвдауыс цæстæнгасæй æдзухдæр,***
***Кæмæн вæййы дæ зæрдæйы дуаргом...***

*"Тæхудиаг"*

"Иугæр адæм "зæдты лæварæй" фæхайджын сты, уæд æй стыр хæзнайæн дарæнт, арæхсгæ дзы пайда кæнæнт, æмæ амондджын уыдзысты", — ацы хъуыды дæр та зæрдæмæдзæугæ куыд нæ у. Уæдæ дæ уарзон адæймаджы мидбылхудт хуры дæр райхъал кæны æмæ уый руаджы сбон вæййы, зæгъгæ, ахæм фæлгонцæн дæр, мыййаг, "иударон" схонæн ис? Нæ, уый у Гæбуоны "даривæлыст" фæлгонц.

Уарзондзинад ахæм æмбарынад у, æмæ йыл поэзийы æппæтвæрсыгæй никуыма ничи аххæссыд. Уый æмбары нæ поэт, æмæ кæны æрмæст йæ Ирыстоны чызджытæм сидыны хуызы хатдзæг:

***Чызджытæ, нæ Иры буц чызджытæ,***
***Уалдзæг та уæ сбуц кæндзæн Хуыцау.***
***А зæххыл сымахæй нæй рæсугъддæр...***
***Уарзондзинад, дидинæг æфтау!..***

*"Чызджытæ"*

Уарзондзинады темæйы иннæ бæрзæнд у мады фæлгонц саразын. Мад нын радты цард, уый ныл ауды цæргæ-цæрæнбонты. Ам Гæбуон спайда кодта адæмон сфæлдыстадæй ист хабарæй, уыимæ афтæ арæхстджынæй, æмæ йе 'мдзæвгæ уайтагъд адæмæн уарзон сси. Æвзонг лæппу йæ мады зæрдæ стыдта æмæ йæ йæ саузæрдæ чызг-уарзонæн лæварæн фескъæфы. Æвирхъауы цау, фæлæ мад уыцы гадзрахаты уавæры дæр йæ хъæбулæн фидарæй зæгъы, мæ зæрдæ "Уалдзыгон хурау дæ тавдзæн зымæгон дæр, / Тар æхсæв та дын цырагъау уыдзæн", зæгъгæ. Згъоры лæппу, æмæ фæкалд. Мады зæрдæ ныккæрзыдта: "О Хуыцау! Фест ма, мæ зæрдæ, мæ ахсджиаг! / Кæд, мыййаг, фæрысттæ? Ох, æллæх, гъи!" Поэты хъуыдымæ гæсгæ, ныййарæджы бафхæрд хатыргонд никæмæн уыдзæн:

***А зæххыл мады хæс ничима бафыста,***
***Фæлæ уæ курын, æмгæрттæ, сымах***
***Базонут аргъ кæнын мады фыдæбæттæн***
***Æмæ Хуыцау дæр уыдзæнис уæ фарс!***

*"Мады зæрдæ"*

Иугæр ныхас зарджытыл рацыд, уæд бафиппайын хъæуы, Гæбуаты Галинæ хорз кæй арæхсы йæ хъуыдытæ дыгуронау дзурынмæ дæр. Уымæн, æмæ йæ поэтикон рæнхъытæ фылдæр хатт зарджытæ свæййынц:

***Адæни рæсугъд фарн,***
***Адæни сугъдæг уарзт —***
***Махæн нæ царди æгъдау!***






***Ечи устур лæвар,***
***Ечи расугъд фарнæ***
***Равардта махæн Хуцау!***

*"Зарæн Дигорæбæл"*

***Махæн нæ фæндурцагъд***
***Хуæнхтæмæ игъусуй,***
***Не 'рдзæф уæларвмæ цæуй!..***
***Ездон — нæ фæсевæд!***
***Кадгин — нæ хестæртæ!***
***Хуарз син нæ зæрдæ дзæгъуй!***

*"Киндзæхсæвæри зар"*

Поэтессæ æвдисы йæ адæмæй сæрыстырдзинады æнкъарæнтæ, сæ "царды æгъдау" кæддæриддæр фарн æмæ уæздандзинады домæнтæн дзуапдæттæг кæй уыдзæн, ууыл йæ зæрдæ дары. Дигорæ йын у алæмæты бæркадджын бæстæ. Фыццаджыдæр, цы адæм дзы цæры, уыдоны зæрдæйы хорзæхæй, дыккаджы — Æрæфы доны зардæй, æртыккаджы — райдзаст тырнæнтæ тауæг æрдзæй. Уыцы хъуыдытæ баиу сты йе 'мдзæвгæты, æмæ та сæ адæм айстой, аккаг аргъ сын скодтой.

Нæ цыбыр афæлгæсты ма сæрмагондæй фæнысангæнинаг сты номарæн æмдзæвгæтæ. Автор сæ фыссы æхсæнады бирæ къабæзты минæвæрттыл, фæлæ сæйрагдæр — культурæмæ уæзгæ æвæрæн бахæссæг адæмыл. Ам дæр та уый тыххæй, æмæ æнæкæрон аргъ кæны фыдæлтæй баззайгæ удварны хæзнатæн, æмæ сæ хъахъхъæнæг, ноджы хъæздыгдæр сæ кæнæг та, фыццаджы-фыццаг, уыдон сты.

Ирыстоны иузæрдион хъæбул, йæ разагъды лæг уыд фыссæг, ахуыргонд æмæ ахуыргæнæг Джыккайты Шамил. Фыдгæнæджы къухæй куы фæмард, уæд Гæбуон йæ поэзийы бацыд хъарæггæнæг сылгоймаджы фæлгонцы:

***Фехæлд нæ мæсыг... Ракалд бындзарæй***
***Нартæн сæ сызгъæрин фæткъуы бæлас!..***
***Зæхх та нынкъуысыд фыдгулы азарæй,***
***Ахуыссыд Ирæн йæ зонды цырагъ!..***

*"Джыккайты Шамилы мысгæйæ"*

Нал ис "аланты бындар", "Иры хæххон цæргæс", рæстдзинадыл æргом дзурæг, адæмы сæрхъуызой, мадæлон æвзаджы фарн хæссæг, бирæ фæлтæртæ схъомылгæнæг, "зонды цырагъ". Фæлæ "байтыдта бирæ "хор" зондæй, хъаруйæ", æмæ, номарæны авторы хъуыдымæ гæсгæ, йæ фæдонтæ уыдзысты уыйау сæрыстырæй барджын ныхас кæнынхъом, сгуыхдзысты фæллойы, фидар ныхкъуырд дæтдзысты знагæн. "Куырыхон лæджы тыд "хорæн" æнæ цардхъом "æвзар" дæтгæ нæй", — ахæм хъуыды æвæрд ис æмдзæвгæйы.

Музыкалон аивады не 'мдугонтæй абон ирддæрæй кæй ном æрттивы, уыдонæй иу у фæндырдзæгъдæг æмæ зарæггæнæг Дзуццаты Сослан. Йæ арæхстдзинад ын автор æвдисы ахæм ныхæстæй:

***Æрыхъусынц дæ фæндырдзагъдмæ мæргътæ,***
***Цæугæдæттæн фæтынг вæййы сæ цыд...***
***Сæ урс нымæтын худтæ сисынц хæхтæ...***
***Куы нал фæхъуысы дымгæйы æхситт!..***

*"Дзуццаты Сосланæн"*

"Æцæг курдиатджын адæймагæн райгуырæн æрдз дæр аргъгæнæг у", — зæгъы поэт. Æмæ уый раст у, уымæн æмæ уыцы æрдз ратты арæх хъарутæ равзæрст фæндагыл æнтыстытæм цæуынæн, уый рæсугъддзинад бауадзы зæрдæмæ сыгъдæг æмæ уæлмонц æнкъарæнтæ. Æнæ уыдонæй та цæрæн æмæ хорздзинад тауæн нæй...

Нæ поэтессæйы сфæлдыстад иртасгæйæ, ахуыргонд æмæ литературон критик Хозиты Барис ахæм ныхæстæ загъта: "Сыгъдæг æвзаг, сыгъдæг æнкъарæнтæ, рæсугъд нывтæ, — цы ма хъæуы æндæр хæрзхъæд уацмыс ныффыссынæн? Æвæццæгæн, æнæкæрон удуæлдайæ уарзын хъæуы, адæмы, цæмæй дæ зæрдæйы мидæг ацы æгъатыр азты ахæм тæлмæнтæ ссарай, уый тыххæй... Кæрæдзиимæ тынг фидауынц зæрдæйы хъармæй гуырд æмæ зонды рухсæй арфæгонд мыртæ... Æцæг ирон зæлтæ тынг кадавар систы нæ поэзийы мидæг. Æмæ нын уымæ гæсгæ Гæбуаты Галинæйы æмдзæвгæты комулæфт тынг барæвдыдта нæ миддунейы цыбæлтæ". Дарддæр ын зæгъы ахæм хуызы хъуыды: "Хуыцау дын дæ удварны цæхæрмæ æцæг ирон ныхасы фарн баулæфыд, æмæ йæ ахуыссын ма бауадз". Уыцы фæндиагимæ разы стæм. Ныхасы фарн ног æмæ ног сфæлдыстадон æнтыстытæм кæнæд Гæбуоны, æмæ ма нын уæд нæ зæрдæ бирæ хорз æмдзæвгætæй барухс кæндзæн.

**ТЪЕХТЫ Тамерлан,**
**Уæрæсейы Фысджыты æмæ Журналистты цæдисты уæнг**

> ***Поэтессæ æвдисы йæ адæмæй сæрыстырдзинады æнкъарæнтæ, сæ "царды æгъдау" кæддæриддæр фарн æмæ уæздандзинады домæнтæн дзуапдæттæг кæй уыдзæн, ууыл йæ зæрдæ дары. Дигорæ йын у алæмæты бæркадджын бæстæ. Фыццаджыдæр, цы адæм дзы цæры, уыдоны зæрдæйы хорзæхæй, дыккаджы — Æрæфы доны зардæй, æртыккаджы — райдзаст тырнæнтæ тауæг æрдзæй. Уыцы хъуыдытæ баиу сты йе 'мдзæвгæты, æмæ та сæ адæм айстой, аккаг аргъ сын скодтой.***



**ХЪОЙБАЙТЫ бинонтæ: Галинæ, йæ цардæмбал Барис, йæ лæппутæ — Валери æмæ Роберт, йæ чызджытæ — Лианæ æмæ Эллинæ**

**ГÆБУАТЫ Галинæ**

## Нæ Иры номдзыд богæлттæн

***Хъæбысхæстæй раджы***
***Ирыстон уыд кадджын,***
***Нæрыди ироны ном дард.***
***Уый раджы уыд, раджы,***
***Куы айхъуыст дунейыл:***
***"Æппæты тыхджындæр — Бола!"***

***Болайы фæдонтæ***
***Ирон зæххыл бирæ,***
***Æнустæм цæрæццаг — сæ ном.***
***Сыгъзæрин майдантæ***
***Куы райсынц алантæ,***
***Сæ бакаст нæ хæхтау нæртон.***

***Кавказæн йæ астæу —***
***Нæ фæрнæйдзаг бæстæ,***
***Æгъдау æмæ фарны фæрдыг.***
***Ирыстоны хуртæ —***
***Йæ хъайтар хъæбултæ —***
***Йæ фидæны фидар мæсыг.***

***Нæртон туг иронæн***
***Йæ дадзинты 'хсиды,***
***Уæлахиз дæр уымæн вæййы.***
***Нæ фыдæлты намыс***
***Бæрзонддæр куы сисæм,***
***Сæ фарн нын ныфсдæттæг вæййы!***

***Ирыстоны кадæн,***
***Ирыстоны фарнæн***
***Уæлахизмæ алкæд тырнæм!***
***Ирыстон, дæ номæй***
***Мах алкæд уæндонæй***
***Нæ тырыса размæ хæссæм!***

## Дзуццаты Сосланæн

*Æрыхъусынц дæ фæндырдзагъдмæ мæргътæ,*
*Цæугæдæттæн фæтынг вæййы сæ цыд...*
*Сæ урс нымæтын худтæ сисынц хæхтæ...*
*Куы нал фæхъуысы дымгæйы æхситт!..*

*Дæ фæндырæн йæ алæмæты зæлтæ*
*Нæртон куывдты, чындзæхсæвты зæлæнт!*
*Дæ фæндырдзагъды бавæрыс дæ зæрдæ —*
*Ирыстонæн уый фарны лæггад уæд!*

*Хъæбулы уарзтæй уарзыс ды Æрыдон,*
*Æгъдау дæттыс дæ хъæубæстæн æдзух!..*
*Хæрзамондæй нывæфтыд уæд дæ сомбон!..*
*Куыд никуы уай Хуыцауы хæрзтæй цух!..*

## Мæ уарзон Ирыстон

***Кавказы хæхтæн с' адджын цъæх хъæбысы***
***Æрæнцади мæ уарзон Ирыстон, —***
***Фынккалгæ Терк нæ арф кæмттæй кæм бырсы,***
***Табуйаг зæхх, нæ сыгъдæг кувæндон!..***

***Ныййарæг мадау адджын дæ, Ирыстон!***
***Дæ фæлмæн арм мæ авдæн уыд мæнæн.***
***Дæ фæрнджын зæххыл байрæстæн, Ирыстон!***
***Мæ цард нывондæн 'рхæсдзынæн дæуæн.***

***Аланты зæхх, уадз, дидинæг æфтауæд,***
***Фыдбылызтæй йæ бахизæд Хуыцау!***
***Фæлмæн тынтæй йæ хурты хур рæвдауæд,***
***Йæ кæсæртæм-иу макуы 'рхæссæд фау!***

***Ирон туг махæн не' уæнгты æхсидæд,***
***Нæ ирон тугæй сомы кæнæм мах!***
***Фыдæлты фарн, фыдæлты 'гъдæуттæ алкæд***
***Нæ царды махæн — рухсдæттæг цырагъ!***

## Фыдыбæстæ

*Уарзын дæ, мæ Фыдыбæстæ,*
*Уæд нывонд дæуæн мæ цард!*
*Сырæзтæн дæ хъарм хъæбысы,*
*Базыдтон дзы уарзты ад.*

*Цард уæрдоны цалхау зилы,*
*Цардæн иу ран лæууæн нæй...*
*Уадз, æрттивæд хур цъæх арвыл,*
*Тавæд Иры зæхх фæрнæй!*

*Хур йæ тынтæй зæхх рæвдауæд,*
*Цъæх быдырты — дзаг æфсир.*
*Хохæй быдырмæ фæйлаугæ*
*Згъорæнт цъитидæттæ цырд.*

*Уадз, нæ зæххыл зарæг хъуыса!*
*Зарæг цины зарæг уæд!*
*Зæхкусæг цы хор байтауа,*
*Уый куывдты хæринаг уæд!*



Спортивон фидиуæг



## Бокс

# Нæ чызджытæ — уæлахиздзаутæ

**Сербиаг горæт Сомборы боксæй 13-æм хатт цыдысты дунеон турнир "Адæмты Кубок" рамбулыныл ерыстæ.**

Архайдтой дзы 15-16 æмæ 17-18-аздзыд спортсментæ Европæйы алы бæстæтæй. Уæрæсейы командæйы уæвæг ирон чызджытæ **Хъуылаты Софья** æмæ **Таймазты Елизаветæйæн** сæ архайд рауад раппæлинаг.

Хъуылаты Софья, (йæ тренер **Елойты Алан**) 57 кг онг уæзы ерыс кæнгæйæ, фæуæлахиз æртæ ныхмæлæууæгыл æмæ ссис турниры уæлахиздзау. Кæронбæттæны йæ тох цыдис сербиаг чызг **Мария Лукичимæ,** æмæ ууыл дæр фæуæлахиз 5:0 хыгъдæй. Тæрхонгæнджытæ фондзæй дæр Софьяйы банымадтой уæлахиздзауыл.

Афтæ æнтыстджын рауад Таймазты Елизаветæйы архайд дæр. Уый фæуæлахиз æртæ ныхмæлæууæгыл æмæ кæронбæттæны фембæлд румыниаг чызг-боксер **Тугуй Алаллаимæ**. Сæ ныхмæлæуд рауад хъазуатон, фæлæ тæрхонгæнджытæ хуыздæрыл банымадтой Елизаветæйы 3:2 хыгъдæй, æмæ уый дæр ссис турниры уæлахиздзау.

Елизаветæйы тренер у **Хаситы Дмитри**.

**Нæ уацхæссæг**

## Хъæбысхæст

# Ерыстæ бацыдысты сæ тæмæны

**Ацы бонты Красноярскы уæгъдибар хъæбысхæстæй цæуынц дунеон турнир "Иван Ярыгин"-ы ерыстæ.**



ТАНДЕЛАТЫ Алинæ



КУЫДЗОЙТЫ Артур

25 январы ерысты архайдтой 57, 61 æмæ 70 кг онг уæзты богæлттæ. Уыцы уæзтæй дыууæйы (61, 70 кг) ирон богæлттæ хæцыдысты фондзæй, æмæ уыдонæй кæронбæттæнмæ, 1-аг бынат бацахсыныл фембæлдтытæм рацæуын никæмæн бантыст.

3-æг бынатыл тохтæм рацыд **Куыдзойты Артур** (70 кг онг уæзы).

Уыцы бон сылгоймæгты ерысы хорз рахæцыд **Танделаты Алинæ**. Уый, 65 кг онг уæзы хæцгæйæ, фæуæлахиз æртæ ныхмæлæууæгыл æмæ рацыд кæронбæттæнмæ. Уым 1-аг бынат рамбулыныл фембæлд Красноярскы номæй хæцæг чызг-богал **Дианæ Кудаеваимæ.**

Уæлахиздзаутæ сбæрæг сты знон изæрæй. 26 январы ерысы бацыдысты 65, 79 æмæ 125 кг онг уæзты богæлттæ. Ацы уæзты ирыстойнаг богæлттæ хæцынц дыууадæсæй. 27 январы гауызмæ рацæудзысты 74, 86, 92 æмæ 97 кг онг уæзты хæцæг богæлттæ. Æппæт уæзты уæлахиздзаутæ сбæрæг уыдзысты 28 январы.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

# Дзырдбыд

**ФÆРСЫРДÆМ:** 3. Æнуд. 8. Рæсугъд, хæрзконд. 9. Хъомпал. 10. Хæйрæг. 11. Æрыгондзинад, æвзонгдзинад. 13. Хъæу Цæгат Ирыстоны. 14. Зæхкусæджы мигæнæн. 15. Фæлмæн. 18. Ихдзæуæн. 21. Европæйаг паддзахады сæйраг горæт. 22. Урсаг. 23. Нæртон нуæзт. 24. Быцæу. 25. Хохы, рагъы фарс. 27. Кусгæ бон. 29. Æнгом, æмыр, мызыхъхъ. 31. Дзаумаауындзæн. 33. Хъæу Уæлладжыры комы. 35. Курорт Хъырымы. 36. Сæры хай. 38. Зæкъæн, рагон артаг. 39. Фæллад, фæлмæцыд. 40. Хæдзар, къæс. 41. Бинойнаг, æмкъай.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Базы цъары мидæггаг. 2. Хъæмп æмæ æлыгæй конд амайæн дур. 3. Æдых, лæмæгъ. 4. Таг, уадздзаг. 5. ... фæкæна, мæрдты дзыназа, дæу чи ныййардта!.. (Къоста). 6. Стыр промышленнон горæт Германы. 7. Цæугæдон Венесуэлæйы. 12. Уæрæсейы закъонæвæрæг оргæн. 13. Хъарм уæлæдарæс. 15 Фыдзæрдæ, саузæрдæ. 16. Цæл. 17. Бæттæн. 18. Сахъ, хъæбатыр. 19. Афæдздзыд сæгъ. 20. Гакк, бæрæг. 25. Мæргъты атахт хъарм бæстæмæ. 26. Фосы низ. 27. Хæдзарон маргъ. 28. Фæлмæн згъæрæй конд агъуындæн æрмæг. 30. Къуымбилæй æндахгæнæг. 32. Сабыр, æвæлмон. 33. Донбакæлæн Чукоткæйы. 34. Кæсаг. 37. Сæдæ азы.




## Дзуаппытæ 20 январы мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ**: 2. Чъырттым. 9. Сæмæн. 10. Тæбæгъ. 12. Удæвдз. 13. Къала. 14. Суг. 17. Балладæ. 19. Фадыг. 20. Сфыст. 22. ...ахæм... . 24. Æмдзуарджын. 26. Нæзы. 30. Сурæт. 31. Хæдзардзин. 33. Майдан. 36. Бæхгæрдæг. 37. Мæнтæг. 39. Зындгонд. 40. Сайæгой. 42. Къуыдыр. 45. Бырц. 47. Арвистон. 48. Демавенд. 51. Уызын. 52. Даккæ. 53. Ныхкъуырд. 54. Дурæфхæлд.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Мæкъуыл. 3. Риу. 4. Тъæр. 5. Мыдыбындз. 6. Зæгæл. 7. Нæуæдз. 8. Хъус. 9. Сойывых. 11. Махсымæ. 15. Гуырынон. 16. Цывзыдзæхдон. 18. Лалым. 21. Рæуæд. 23. Мæнæу. 25. Азар. 27. Хуыргарк. 28. Минæвар. 29. Галæгон. 32. Дари. 34. Афæдз. 35. Къуылдым. 36. Быдыр. 38. Цæхдон. 41. Хуыдзых. 43. Цад. 44. Сидзæр. 45. Бæркад. 46. Рæуæг. 49. Агау. 50. Егар. 51. Уад.

Аивад

# Мидисджын ныхас — удварны поэзийыл

**Национ наукон библиотекæйы уыд литературон клуб "СТИХ и Я"-йы радон æмбырд. Архайдтой дзы нæ республикæйы сфæлдыстадон æмæ зонадон интеллигенцийы минæвæрттæ.**

**Ныхас дзы цыд, уырыссаг æмæ ирон литературæйы жанрты дины темæ æмæ йемæ баст æндæр фарстатæ куыд парахатæй æвдыст æрцыдысты, ууыл.**

**Литературон клубы æмбырды сæрмагондæй ныхас цыд УФ-йы Фысджыты цæдисы уæнг, зындгонд поэт Мамыкъаты Хъазыбеджы арæзт чиныг "Чырыстон удварны поэзи". Уагъд æрцыд Аланыстоны саргъуыды 1100 азы бонмæ.**

**СОЛТАНАТЫ Анвар**

# Ирыстонæн лæггадгæнæг

**Дзæуджыхъæуы Центрон библиотекæйы 1-æм филиалы уыд поэт, публицист Хетæгкаты Къостайы номыл Ирон литературæйы музейы хистæр зонадон кусæг, æхсæнадон архайæг ЦХУЫРБАТЫ Сергейы сфæлдыстадон изæр.**

Амыдта йæ ацы артдзæсты сæргълæууæг, библиотекæйы литературон клуб "Æхсæрдзæн"-ы разамонæг, РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг **Мысыкаты Разитæ.** Уый лæмбынæг радзырдта Сергейы цард æмæ зæрдиаг сфæлдыстадон архайды тыххæй.

Уый фæстæ Цхуырбайы-фырт бакаст йæхи фыст æмдзæвгæты фыццаг æмбырдгондæй йæ хуыздæр æмдзæвгæтæ.

Сергей у зæрдæхæлар æдæймаг, куыд музейы зонадон кусæг, афтæ нæ фысджытæ æмæ поэтты сфæлдыстадон бынтæ фæлтæрты 'хсæн парахат кæныныл зæрдиагæй архайы, Дзæуджыхъæу æмæ республикæйы культурæйы царды зæрдиагæй кæй архайы, уый тыххæй сфæлдыстадон изæры сæ хъуыдытæ загътой: РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы сæрдары хæдивæг, зындгонд прозаик **Цомартаты Изæтбег**, газет "Рæстдзинад"-ы сæйраг редактор **Хозиты Барис**, нæ республикæйы Национ музейы хайады сæргълæууæг, историк **Козаты Петр**, фæллойы ветерантæ **Гуылæрты Барис** æмæ **Сæлбиты Гæйырбег**, УФ-йы Фысджыты цæдисы уæнг, газет "Рæстдзинад"-ы сæрмагонд уацхæссæг **Гасанты Валери.**

Литературон иугонд "Æхсæрдзæн"-ы ацы азы фыццаг æмбырды кæрон Цхуырбаты Сергеймæ радтой фæрстытæ йе сфæлдыстады тыххæй æмæ дзы райстой бæстон дзуаппытæ.

**АНВАРАТЫ Валери**

**ТОХТЫ Хуанæ**

# Ирон æвзаг — нæ ис

*(Хозиты Барисæн)*

***Нæртон зæрдæ — ыстыр бæрнон бынаты,***
***Æнцон куы нæу дзуапп дæттын лæгæн.***
***Фæлæ ды дæ ирон адæмæн стыр ныфс,***
***Нырма дæ размæ — бирæ хæстæ 'вæрд...***

***Цы фарн тауыс нæ уарзон зæххыл — Ирыл,***
***Уый бамбарæн ирон лæгæн дæр ис!***
***Фыссын дыл стих дæ лæвар фыссæн сисæй,***
***Дæ фыдæбæттыл бирæ кæны дис!***

***Цæры ирон лæг намыс æмæ кадæн,***
***Дæумæ дæр, нæртон, уыцы хъару ис.***
***О, хорз адæм, йæ фарсмæ ма æрлæууæм,***
***Æнгом бæрцытау, самайæм нæ сис!***

***Мах иугæйттæ нæ ныууыдзыстæм никæд,***
***Куырыхон зонд ирон адæммæ ис!***
***Нæ Иры дзыхъхъ, ирон æвзаг — нæ исбон,***
***Ирон адæм, ирон æвзаг — нæ дис!***

*5. 05. 2022 аз*

Нывгæнæджы цæстæй

ЗЫГЪУЫТАТЫ Русланы конд ныв



*— "Рæстдзинад" куы рафыстай, уæдæй фæстæмæ мæ ферох кодтай!*

Арфæ

# Хъойбайты-Гæбуаты Азæматы чызг Галинæйæн

*Ирон сылгоймаг бирæ цавæрдæр миниуджытæй хицæн кæны иннæ адæмыхæттыты 'хсæн сылгоймæгтæй. Кæддæр афтæ фехъуыстон, ирон сылгоймæгтæй рæсугъддæр нæй...*

*Уыцы хъуыды чи загъта, уый, цымæ, Хъойбайты Галинæйы хуызæн ирон сылгоймæгтæй загъта, афтæ мæм фæкаст. Хæрзконд, хæрзарæзт, рæсугъд, æдзухæйдæр уæздан, фæлмæн ныхас æмæ зæрдæхæлар адæймаг. Йæ удæвæрд рахаста, æвæццæгæн, æрдзæй, стæй хæдзары ныййарджыты хъомыладæй дæр.*

*Галинæйæн йæ ныййарæг мад поэт Цомартаты Дунетханы сфæлдыстадимæ зонгæ сты Ирыстоны дзыллæ, ирон газет "Рæстдзинад" æмæ, ирон чиныг чи кæсы, уыдон. Нæртон сылгоймаг, Дунетханы фæдон, газет "Рæстдзинад"-ы уацхæссæг сæрыстырæй хæссы ныййарджыты фарн дыууæ мыггаджы 'хсæн, стæй æхсæнады дæр. Йæхæдæг уарзæгой мад, цыппар кæстæры мад, сæ хуртæй кæддæриддæр зæрдæрухс уæд!*



*Ацы бонты хæларуарзон æмæ лæггадгæнаг Галинæйæн йæ юбилей у, æмæ йын нæ газеты кусджытæ кæнынц зæрдиаг арфæтæ. Бирæ азты нын æнæнизæй, уарзонæй, кадджынæй фæкус, амондджынæй цæр дæ бинонтæ, дæ уарзон хиуæттимæ! Дæ зæрдæйы цы бирæ бæллицтæ ис, уыдон дын сæххæст уæнт дæхи фæндиаг! Æнтыстджын уæд дæ поэтикон сфæлдыстад, дæ бæрнон сæйраг куыст журналистикæйы дын бирæ бантысæд!*

*Ацы бонты дын хуыздæр чи скува Стыр Хуыцау æмæ Ирыстоны табуйаг зæдтæм, уыдонимæ нæ арфætæ дæр æрцæуæнт!*

***Газет "Рæстдзинад"-ы редакцийы кусджытæ***

Мидбылты худгæйæ

# Дæрддыл фæзылд...

Кæддæр Зæрæда нæ сыхы цæрджыты хъæлдзæг дардта, гыццыл сæртæггомау уыд, афтæ дæр ма-иу дзы дзырдтой фæсаууонмæ, йæ сæр, дам, кæсгон сойывыхæй рогдæр у. Ницы дзы зад рохуаты, хъуыддаг-иу æй кæм нæ уыд, уым дæр-иу йæ даргъ сынкърæхойæн фындз атъыста. Уымæ гæсгæ-иу арæх бахауд алыхуызон æнахъинон хабæртты. Йæ бирæ худæджы цаутæй уын иу радзурдзынæн.

Хуымæтæджы нæ фæзæгъынц, мард, дам, æнæхудгæйæ мæрдтæм нæ цæуы. Бабуцайæн, сыхы чындзытæй иуæн, æнæнхъæлæджы йæ фыд, нырма æрыгон нæлгоймаг, æрбамард сыхаг хъæуы. Уæд чырæг телефон цы у, уый ничи ма зыдта, алы хæдзары хæтæлын телефон дæр нæ уыд, æмæ сыхæгтæй кæмæдæр æрбадзырдтой, фехъусын, дам, ын кæнут сау хабар. Сылгоймæгтæ тæрхæттæ кæныныл схæцыдысты, ныр, дам, ын æй цы хуызы зæгъæм. Хъуыддаг бабар кодтой Зæрæдайæн, ацу, æмæ дæрддыл фæзилдзынæ, стæй, дам, ын йæ фыды хабар сабыргай схъæр кæндзынæ.

Ус бавдæлд æмæ, æцæгæйдæр, дæрддыл æрзылд — иннæ сыхмæ дæр ма ахæццæ ныхасдзуан, уæд-иу иу хæдзары фæбадт, уæд — иннæйы, афтæмæй йæхиуыл æризæр кодта. Куы фæталынг, уæд Бабуцаты кæрты къæсæрæй бахызт, æмæ ам æрыгон сылгоймагыл хæрхæмбæлд фæци. Зæрæда айтæ-уыйтæ нал фæкодта, нæдæр ын салам нæ радта, нæдæр — ницы, афтæмæй йын ныццæлхъ ласта, дæ фыд, дам, фæзиан. Бабуца уый куы айхъуыста, уæд мæгуырæг, уæлгоммæ ахауд æмæ бауадзыг, йæ "къæрта" дæр кæдæмдæр фесхъиудта. Зæрæда хъæрхъæлæба самадта, адæм æрбамбырд сты, устытæ Бабуцайыл æртыгуыр сты, йæ рустæ йын хойынц, дон ыл калынц, æмæ æрæджиау æрчъицыдта. Йæхимæ куы 'рцыд, уæд устытæ "хъæргæнæгмæ" алырдыгæй загъд кæнынц, афтæ, дам, дын нæ фæдзæхстам, æваст ын æй ма зæгъ, дæрддыл фæзилдзынæ?!

Зæрæдамæ хъыг фæкастысты уайдзæфтæ, æмæ сын бустæхуызæй афтæ:

— Уæдæ ма Мæскуымæ фæцыдаин?! Абонсарæй кæм не 'рзылдтæн, суанг ма хъæуы бын дæр куы балæууыдтæн!

**ГАПБАТЫ Алетæ**

**ТЪЕХТЫ Валентин**

# Авд мины бæсты — æвддæс мины

Æз чысыл лæппу нал дæн, 82 азмæ ма мæ цалдæр боны хъæуы, æнæзонд дæр нæ дæн, æмæ мæ фæнды, мæ хъуыды адæмы размæ рахæссын. Мæнмæ гæсгæ, æхца чи æрымысыд, уый стыр рæдыд æруагъта. Æхца адæмæн цы зиæнттæ хæссы, уыдæттыл нæ дзурдзынæн, фæлæ уын иу хабар радзурдзынæн.

Нæ хъæуы уæлмæрды, нæ хæдзарæй чи фæхъуыд, уыдоныл цы дуртæ æвæрд уыд, уыдонæй цалдæр ныппырх. Æз сын ногтæ хъуамæ саразын кодтаин, иу иумæйаг стыр 80/50 см, æртæ та чысылтæ — 20/30 см. Бацыдтæн мæ зонгæ цехы хицаумæ æмæ йæ фæрсын:

— Хъалхаз, цас дын бафидон дæ куыстæн, стыр дур дæм мæхæдæг куы æрбаласон, уæд?

— Иртаг, ды ирон адæмæн бирæ лæггад кæныс. Стæй мæ мад у уæ хъæуккаг, æмæ дын сæ асламæй сараздзынæн. Стыр дурæн фыссæггаг 3 мины, чысыл дурæн та — 4 мины. 3 мины — сæхи аргъ, иу та — фыссæггаг. Иууылдæр иумæ авд мины. Стыр дур куы сцæттæ, уæд мын Хъалхаз бафидын кодта 11 мины. Чысыл дуртæ дæр куы сцæттæ сты, уæд мæм йæ бинойнаг телефонæй дзуры:

— Иртаг, дуртæ цæттæ сты, фæлæ ма дæ 6 мины бафидын хъæуы.

— Аллæ, бахатыр кæн, фæлæ мын цæмæн афтæ бирæ фидын кæнут. Цы 'ртæ дзырды ма дын ныффыссын кодтон уæлдай, уыдоны тыххæй?

— Иу мин — фыссынæн, 5 мины та — чысыл дуртæн. Хъалхаз дын 10 мины бæсты 5 мины бафидын кодта. Æз та ноджы 6 мины бафыстон æмæ дуртæ раластон.

Хъалхазмæ æз æфсæрмы зæрдæ дардтон, кæддæр мын асламæй балхæнын кодта дур, æмæ йын мæ зонгæ скульпторæн лæвар удæгасæй цыртдзæвæн хъуамæ саразын кодтаин. Ныр та йыл мæ зæрдæ фæхудт æмæ мæ хъуыды фæивтон. Мæнæн Хъалхаз 17 мины бафидын кодта, æндæртæ та мæ куырдтой 12 мины. Æз тынг мæсты кодтон мæхимæ, цæмæн ма йын бафыстон фæстагмæ 6 мины? Цæмæй мæ мæ маст айрох уыдаид, уый тыххæй ацыдтæн нæ сæйраг горæты сæйраг паркмæ тезгъо кæнынмæ. Терчы былмæ куыддæр бахæццæ дæн æмæ донмæ фæкомкоммæ дæн, афтæ ауыдтон ахæм хабар:

Дон иу æвзонг чызджы раскъæфы, чызг та сиды æххуысмæ. Æз ленк кæнын нæ зыдтон, фæлæ уæддæр мæхи доны баппæрстон. Мæ ных цыргъ дурмæ æрхастон, тугкалгæ чызджы рацахстон, куыддæрты йæ доны былмæ раластон æмæ нæ дыууæ дæр мæлæтæй аирвæзтыстæм, фæлæ рынчындонмæ бахаудыстæм. Хуыссын ныр рынчындоны уæлгоммæ мæ хуыссæны æмæ хъуыды кæнын: дзæгъæлы мæсты кодтон Хъалхазмæ, уый мæн куы нæ фæсайдтаид, уæд æз паркмæ нæ ацыдаин æмæ чызджы мæлæтæй нæ фервæзын кодтаин. Рынчындонæй куы рацыдтæн, уæд мæ размæ кæцæйдæр Хъалхаз фæци æмæ мын афтæ:

— Иртаг, стыр хатыр дæ курын, мæн, æцæгæй, фæндыд дæуæн баххуыс, балæггад кæнын, фæлæ мæ мæ бинойнаг фæрæдийын кодта...

— Хъалхаз, æз дын дæ рæдыд барын, фæлæ дын æй Стыр Хуыцау ныббарæд. Марды хъуыддаджы сайгæ чи кæны, уымæн йæ хъуыддаг рæстмæ нæ ацæуы. Ацы ныхæстæ йыл баппæрстон æмæ цæуынмæ фæдæн. Æз ма фæстæмæ иу каст фæкодтон, Хъалхаз йæ бынаты хъилсагъдæй баззад, бынтон ныффæлурс, йæ цæстытæ, галы цæстытау, ныиирд кодта æмæ уæлæмæ кæсы, цыдæртæ гуыв-гуыв кæны. Æвæццæгæн ма, мæнау, бирæты фæсайдта æмæ Хуыцауæй хатыртæ куырдта...

Раст зæгъгæйæ, Хъалхаз мæн ницы фæсайдта, тексты цы рæдыдтытæ ауагътой, уыдон сраст кæныны бæсты, сылгоймаг æнæхъæн текст ногæй ныффыста дурыл иннæ фарс, æмæ мын уымæн бафидын кодта уæлдай.

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Ремонт стиральных машин на дому у заказчика (с гарантией).**
**Тел.: 8-919-421-80-09; 8-961-820-92-02.**

Номыры радхæссæг редактор — **Абайты Эдуард.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
**Дизайн:** 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-91-92.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Мамиаты Лолитæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайад: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 2978.
Заказ № 81.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru